



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN YON VAG KRIM HÈN, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 10 MILYON DOLA POU PWOTEJE LEKÒL KI PA PIBLIK AK ENSTITISYON RELIJE YO

Finansman an ap ogmante sekirite ak asirans lekòl ki pa piblik yo ak sant kiltirèl ki gendwa se sib potansyèl krim hèn yo

Finansman sa swiv premye sibvansyon ki te bay yon total 14.8 milyon dola a, pou finanse 300 pwojè nan tout Eta a

Nan mitan yon vag krim hèn nan New York ak nan tout peyi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te akòde plis pase 10 milyon dola pou fè amelyorasyon nan sekirite nan lekòl ki pa piblik ak sant kiltirèl yo, ki genyen ladan yo, enstitisyon relije yo, pou pwoteje kont menas krim hèn yo. Sa se yon dezyèm etap nan finansman ki distribye atravè Pwogram Sibvansyon Kont Krim Hèn Kominote Sekouris New York yo (New York's Securing Communities Against Hate Crimes Grant Program) e l ap sipòte 207 pwojè. Etap en an te genyen ladan l, 14.8 milyon dola sibvansyon ki te finanse plis pase 300 pwojè. Pwojè yo ap ede ranfòse mezi sekirite pou prevni krim hèn yo oswa atak kont etablisman yo sou baz kilti, relijyon oubyen kwayans yo. Gouvènè Cuomo sekirize yon lòt 25 milyon dola nan bidjè 2019 eta a pou pwolonje pwogram nan pou yon lòt ane.

"Kansè krim hèn ak divizyon ap pwopaje atravè peyi sa a bay repiyans a valè divèsite ak enklizyon ki chè pou nou nan New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap kontinye fè tout sa nou kapab pou elimine menas ak zak vyolans ki sible enstitisyon relije ak kiltirèl yo, e nouvo sibvansyon sa ap pèmèt anpil nan òganizasyon sa yo amelyore mezi sekirite yo epi ede yo kenbe moun an sekirite."

Statistik sou krim hèn yo endike yon vag antisemitis ak krim hèn kont kominote Jwif la, nan nivo nasyonal ak nan New York. Apeprè mwaye nan tout krim hèn yo nan New York pandan kèk ane ki pase yo, te fèt kont kominote Jwif la. 27 Oktòb 2018 la, fiziyad mas nan Sinagòg Tree of Life nan Pittsburgh ak atak terè resan nan yon mache kosher nan Jersey City, New Jersey, kote yon Yeshiva lokal ak lekòl Katolik te fè fas ak yon fiziyad, souliyen bezwen pou pwoteje enstitisyon Jwif yo kont ekstrmis ak antisemitis vyolan.

Sibvansyon an, ke Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a ap jere a, ap bay jiska 50,000 dola finansman adisyonèl pou bezwen fòmasyon sekirite, kamera, ranfòse pòt yo, amelyore ekleraj, teknoloji ak lòt modènizasyon sekirite nan chak etablisman ki

kalifye yo. Òganizasyon k ap administre plis pase yon etablisman, genyen opòtinite pou soumèt jiska twa demand sibvansyon pou yon demand total rive jiska 150,000 dola. Premye etap sibvansyon yo te fèt nan ane 2018.

Gouvènè Cuomo te [anonse](#) pwogram nan, nan mwa Oktòb 2017, e li fè pati yon efò enpòtan Gouvènè a lanse pou konbat krim hèn nan New York. Fòs Entèvansyon sou Krim Rayisab yo (Hate Crimes Task Force) la te kreye ane pase pou modere ensidan menas ki baze sou diskriminasyon, asèlman, ak vyolans nan New York. Nan kad Fòs Entèvansyon an, Polis Eta New York, Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights, DHR), ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services), angaje moun ki konsène lokal yo ak ajans k ap fè aplike lalwa pou idantifye epi mennen ankèt sou krim ki genyen hèn kòm motivasyon ak tandans ki baze sou patipri, vilnerablite kominote yo ak pratik diskriminatwa.

Komisè Enterimè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Patrick A. Murphy, te deklare, "Divèsite se eleman prensipal ki fè New York, New York, e nou dwe fè tout bagay ki posib pou asire ke kominote nou yo pwoteje kont sila yo k ap chèche divize nou epi pwopaje hèn. Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Cuomo paske li pa sèlman lanse pwogram enpòtan sa pou pwoteje enstitisyon ki vilnerab yo, men pou asire sante kontini li nan Bidjè Eta ane sa".

Gouvènè Cuomo te tabli tou yon liy asistans ak liy mesajri tèks atravè Divizyon Dwa Zimen an pou moun ka repòte ensidan patipri ak diskriminasyon, ansanm ak yon Inite nan Lapolis ki Konsakre ak Krim Hèn. Lapolis Eta a k ap jere tout kesyon kriminèl, ap kontwòle mesaj tèks yo. Divizyon Dwa Zimen an ka mennen plis envestigasyon sou ka diskriminasyon ke Lwa sou Dwa Zimen Eta New York la (New York State Human Rights Law) kouvri yo. Gen yon prim 5,000 dola ki disponib tou pou tout enfòmasyon ki lakoz yon arestasyon ak kondanasyon pou yon krim hèn.

Nou ankouraje Nouyokè ki fè eksperyans patipri oswa diskriminasyon yo pou yo rele liy asistans gratis DHR la nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. Lendi-Vandredi oswa tèks "HATE" bay 81336. Si w vle repòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo \(DHSES\)](#) bay lidèchip, kowòdinasyon ak sipò pou efò ki fèt pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#), swiv [@NYSDHSES](#) sou [Twitter](#) ak [Instagram](#) oswa ale sou dhses.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)